



REPREZANTAN TRAVAYÈ KI PRAN CHÒK NAN TRAVAY

Konsèy Asirans Dedomajman pou
Aksidan nan Travay

Reprezantan Travayè ki pran Chòk
nan Travay

328 State Street
Schenectady, NY 12305
(877) 632-4996
advnjwkr@wcb.ny.gov

Reprezantan Travayè ki pran Chòk nan
Travay la fè prezantasyon sou pwoblèm
asirans dedomajman pou aksidan nan
travay ki enpòtan pou travayè yo, sendika
yo, patwon yo, gwoup COSH yo ak gwoup
reprezantan travayè yo.

Voye yon imèl pou w pwograme yon seyans
fòmasyon.

Biwo Reprezantan Travayè ki pran Chòk nan Travay la ofri yon
sèvis san parèy pou li ede travayè ki pran chòk oswa ki malad
nan travay yo nan Eta New York. Pèsonèl Reprezantan an bay
travayè ki pran chòk yo konsèy ak enfòmasyon pou pèmèt yo
pwoteje dwa yo genyen nan sistèm asirans dedomajman pou
aksidan nan travay la.

Si ou pa konnen dwa ou genyen antanke yon travayè ki
pran chòk, annik fè yon koutfil pou w jwenn èd. Rele nan
(877) 632-4996 epi mande pou **biwo Reprezantan Travayè
ki pran Chòk nan Travay**. Pèsonèl ki nan biwo Reprezantan
an kapab ba ou repons dirèk sou:

- Fason pou depoze yon reklamasyon
- Sa pou fè sizoka ta gen lanmò
- Ki fòm yo itilize
- Ki moun ki gen asirans
- Reklamasyon yo konteste
- Dwa pou odyans ak kontestasyon
- Deklarasyon atan
- Konsèvasyon dosye
- Wòl ou nan tretman medikal ou
- Ki avantaj medikal ki disponib
- Travay reyabilitasyon ak travay sosyal

Reprezantan Travayè ki pran Chòk nan Travay la pale ak sendika
yo, patwon yo, gwoup sekirite/sante nan travay yo, ak gwoup
reprezantan travayè yo nan tout eta a pou li bay fòmasyon sou
sistèm asirans dedomajman pou aksidan nan travay la.



Si ou pran chòk oswa malad nan travay la

Lè ou pran yon **chòk nan travay**, ou ta dwe:

- Chèche premye swen ak lòt tretman medikal ki nesesè san pèdi tan.
- Siyale chòk la bay patwon w lan alekri nan espas 30 jou apre dat aksidan an fin fèt la.
- Depoze yon reklamasyon nan Konsèy (Konsèy) Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay nan espas de (2) lane apre dat chòk ou an; men, li pi bon pou w depoze pi vit ou kapab.

Si yo dyagnostike ou genyen **maladi ki gen pou wè ak travay** oswa **maladi nan travay**, ou ta dwe chèche tretman medikal ki nesesè san pèdi tan.

Ou dwe depoze reklamasyon asirans dedomajman pou aksidan nan travay pou yon maladi nan travay nan espas de (2) lane apre moman ou vin andikape a, oswa (2) lane apati dat ou te konnen oswa yon pwofesyonèl swen sante te di ou maladi a te gen pou wè ak travay.

FASON POU DEPOZE YON REKLAMASYON

POU PI RAPID: Ale sou [wcb.ny.gov](#) epi chwazi **Depoze yon Reklamasyon**, epi ranpli vèsyon wèb **Reklamasyon Anplwaye a (Fòm C-3)** pou w soumèt fòm lan anliy.

Si ou gen kesyon sou fason pou w depoze yon **Fòm C-3**, tanpri rele nan [\(877\) 632-4996](#) epi yon reprezantant Konsèy Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay la ap ede ou.

Ou gen kesyon sou reklamasyon ou an?

Rele nan [\(877\) 632-4996](#)

Yo pral mande enfòmasyon sa yo:

- Non ou
- Nimewo dosye WCB ou an, si l depoze
- Nimewo telefòn (avèk kòd rejyon) kote yo kapab jwenn ou
- Yon deskripsyon kout sou pwoblèm lan ak nenpòt korespondans ou resevwa

Èske ou te konnen ou kapab patisipe nan odyans yo epi telechaje/gade dokiman afè yo anliy avèk odyans vityèl yo ak eCase?

Ale sou [wcb.ny.gov](#) pou w jwenn plis enfòmasyon.

Swen medikal

Konpayi asirans patwon w lan peye tout swen medikal ki apwouve pou chòk ou a oswa maladi w la. Swen sa a garanti kit ou absan nan travay la kit ou pa absan ladan li. Yo peye ou li anplis nenpòt avantaj pou salè ki manke.

Konsèy la dwe bay pwofesyonèl swen sante yo otorizasyon. Ou kapab jwenn yon lis ki gen pwofesyonèl swen sante ki gen otorizasyon yo sou sitwèb Konsèy la nan [wcb.ny.gov](#) oswa lè ou rele Biwo Direktè Medikal la nan [\(800\) 781-2362](#). Ou kapab resevwa swen nan men nenpòt nan pwofesyonèl swen sante sa yo oswa nan men pwòp doktè pa ou si li gen otorizasyon.

Avantaj pou salè ki pèdi

Yo kapab peye avantaj pou salè ki pèdi asirans dedomajman pou aksidan nan travay la sou baz bonjan dokiman medikal yon pwofesyonèl swen sante k ap fè tretman an bay. Yo peye avantaj yo nan detyè salè mwayen ou touche chak semèn lan, sou baz salè ou touche pou 52 semèn anvan dat chòk oswa maladi a, epi li pa dwe depase montan avantaj maksimòm lalwa otorize a.

Montan avantaj maksimòm lan ajiste chak 1ye jiyè. Li baze sou Salè Mwayen Chak Semèn Eta New York pou ane sivil anvan an jan Manm Komisyon Travay bòkote Direktè Asirans lan siyale sa nan dat 31 mas chak ane.*

Si ou te gen plis pase yon djòb nan moman ou pran chòk la oswa maladi w la, yo ka konsidere sa a kòm "travay anmenmtan". Nan ka sa a, ou ta dwe deklare salè ou fè nan chak djòb bay Konsèy la. Si se "travay anmenmtan", yo adisyoné salè yo pou detèmine salè mwayen ou touche chak semèn lan.

*To avantaj yon travayè ki pran chòk resevwa (yo detèmine selon dat li pran chòk la) pa ogmante si yo adopte nouvo avantaj maksimòm lan pou fè l vin yon lwa.

Fwod nan zafè asirans dedomajman pou aksidan nan travay se yon krim Kategori E. Ou ap pran jiska kat (4) lane prizon epi ou ap peye yon amann \$5,000 dola.

PA BLIYE: TOUJOU RETE AN SEKIRITE

PI BON AKSIDAN AN SE AKSIDAN KI PA JANM FÈT LA

Konsèy Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay pwoteje dwa anplwaye yo ak patwon yo nan asire yo bay avantaj yo kòmsadwa epi nan ankouraje yo pou yo respekte lalwa. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay, ale sou [wcb.ny.gov](#).